

# Vil Cumberland

## Pwogram Sibvansyon pou Estabilizasyon ti Biznis (Mikwokredi)

**Vil Cumberland**, ak finansman "Community Development Block Grant" (CDBG) ki soti nan "R. I. Office of Housing and Community Development" (OHCD) ak Ministè Lojman ak Devlopman Iben Ameriken (sig anglè HUD) ap ofri ti biznis ki kalifye e ki sibe efè negatif COVID-19 la sibvansyon fon woulman.

**Biznis ki Kalifye:** Kèk ti biznis ki kalifye. Yo defini yon ti biznis se yon antrepriz ki gen senk anplwaye pou pi plis, kote yonn oswa plizyè ladan yo se mèt biznis lan.

Revni anyèl brit mèt biznis lan pa dwe depase plafon yo bay pi ba a, selon kantite moun ki nan fanmi li, epi vil kote l ap viv (men pa sou ki kote biznis lan ye).

Limit (80%) Revni Mwayen/Fèb FY 2020								
Vil Rezidans	1 Moun	2 Moun	3 Moun	4 Moun	5 Moun	6 Moun	7 Moun	8 Moun
Tout lòt kominote R.I. yo	48,750	55,700	62,650	69,600	75,200	80,750	86,350	91,900
Westerly, Hopkinton, New Shoreham	50,050	57,200	64,350	71,500	77,250	82,950	88,700	94,400
Newport, Middletown, Portsmouth	54,950	62,800	70,650	78,500	84,800	91,100	97,350	103,650

Biznis yo dwe reponn a kritè kalifikasyon annapre yo:

1. Pou li se yon ti biznis, jan yo defini pi wo a
2. Pou se moun ki pa p fè gwo lajan ki mèt li ( $\leq 80\%$  revni mwayèn zòn nan, selon kantite moun ki nan fanmi an)
3. Pou se yon antite k ap fè lajan (biznis pèsonèl, asosyasyon, sosyete pa aksyon oswa konpayi a responsabilite limite)
4. Genyen yon adrès fizik nan lokalite demand lan fèt la
5. Bay plizyè kliyan oswa konsomatè sèvis
6. An règ a otorite lokal yo
  - a. An règ a tout taks ou dwe rive 1 mas 2020
  - b. Gen lisans ak anrejistreman nan leta ki aktif e valid, si sa nesèsè
  - c. Pa nan okenn konfli ak otorite lokal yo
7. An mezi pou bay yon dokiman ki montre w fè defisi omwen \$1000 dola akòz COVID-19 la
8. Pou li te egziste anvan 1 janvyè 2019
9. Gen yon revni anyèl brit ki depase \$25,000
10. Genyen omwen de anplwaye, pwopriyete a (yo) enkli
11. Pa nan lis biznis ki pa enkli yo, jan sa modifiye (gade pi ba a)

**Dokiman Nesèsè:** Kandida yo dwe prezante tout fòmilè demann yo ak pyès pou jistifye yo, tankou kopi:

- Lisans oswa kat idantite eta a bay ki ge foto sou li
- Deklarasyon fiskal pèsonèl pou tout moun k ap depoze yon deklarasyon separe (2018-2019)
- Deklarasyon fiskal biznis (2018 oswa 2019)
- Kopi fich pèman pou peryòd pèman ki pi resan an ak peryòd pèman ki fini nan dat 7 mas 2020 an oswa anvan dat sa a.

- Kopi resi pou peryòd ki afekte a nan 2020 an (pa egzanp mas 2020) ansanm ak kèk peryòd nan ane 2018, 2019

Montan Sibvansyon: Y ap bay ti biznis ki kalifye e ki apwouve yo yon sibvansyon \$5000 nan yon sèl vèsman.

**Itilizasyon Lajan an:** Kòb sa a kapab itilize kòm kapital eksplwatasyon pou kouvri tout depans biznis lan, tankou peye lwaye, anplwaye epi sèvis piblik yo. Yo pa gendwa itilize fon mikwokredi yo pou achte ekipman enpòtan, byen imobilye, aktivite konstriksyon, agrandi biznis oswa pou fè pwomosyon.

**Biznis ki pa Ladan I:** Tip biznis annapre yo pa gendwa patisipe nan pwogram sa a:

- biznis ki asosye a kanabis;
- biznis ki vann oswa lwe byen imobilye;
- biznis ki lakay epi ki pa gen anplwaye;
- biznis pwopriyetè yo poko gen 18 lane;
- biznis ki se franchiz oswa chenn;
- biznis ki vann alkòl;
- trafikam zam;
- lòbiyis;
- moun k ap opere kòm konsiltan/travayè endepandan epi k ap bay yon sèl konpayi sèvis;
- biznis ki lakay ki rezève a kliyak ki gen mwens ke 18 lane.

Ajeneral ti biznis elèv ki gen plis pase 18 lane genyen pa kalifye, sof si elèv ki mèt biznis lan se sèl sipò finansye pou tout lòt moun ki nan fanmi an

**POU KA JWENN TOUT ORYANTASYON KONPLÈ SOU PWOGRAM NAN AK DOKIMAN POU POZE KANDIDATI W, PRAN KONTAK AK:**

***Glenn Modica, Town Planner***

***Cumberland Town Hall***

***45 Broad Street***

***Cumberland, RI 02864***

**[gmodica@cumberlandri.org](mailto:gmodica@cumberlandri.org)**

***401-728-2400 x146***

**<https://www.cumberlandri.org/planning/>**